

## 4 Septanm 2020

### Pwochen seri tès pou COVID-19 nan kanpis la

Chè kominote kanpis,

Pandan n ap kontinye re-ouvèti kanpis la ofi-amezi, avèk lespwa pou edikasyon salklas pral kòmanse nan dat 14 septanm, imèl sa a bay dènye enfòmasyon enpòtan sou egzijans pou fè tès ak sou pwochen opòtinite ou pou fè tès pou COVID-19 nan kanpis la.

Pandan dènye 15 jou yo, nou te fè tès pou plis pase 12, 500 etidyan, pwofesè ak anplwaye pou COVID-19 pandan dènye evènman tès pou nan fen mwa out/kòmansman mwa septanm. Li te enteresan anpil pou wè kamarad nou yo swiv konpòtman [4 Maryland](#) lè yo mete mask, pratike distans fizik, lave men yo epi rete lakay yo lè yo santi yo malad. Konpòtman sa yo ki bon pou sante ede ak lè efò nou yo pou prevansyon. **Men, nou dwe rete vijilan.** Epitou, mwenn gen anpil lespwa konpòtman yo nan wikenn jou ferye a ap pèmèt nou rete nan pwosesis aprantisaj nan salklas la. Konpòtman nou yo enpòtan!

Pwochen gwo evènman nou pou fè tès yo pral kòmanse nan semèn 14 septanm. Nou pral òganize evènman pou fè tès yo nan Maryland Stadium pou nèf jou pandan twa semèn. Nou pral bay tès yo nan dat 15-18 septanm, 22-24 septanm, epi 29 septanm ak 1ye oktòb ant 8:30 a.m. Ak 3:30 p.m. chak jou. Randevou yo disponib sou sitwèb [return.umd.edu](http://return.umd.edu). Tès san randevou p ap disponib pandan evènman sa a. Enskripsyon davans ap obligatwa.

Nou konnen pifò manm kominote nou an teste deja yon fwa oswa de fwa. Anplis nenpòt tès anvan, manm kominote kanpis la ki endike anba la yo gen obligasyon pou yo teste yon fwa ankò pandan evènman tès yo nan mwa septanm sa a:

- Tout etidyan diplome ak etidyan premye sik k ap viv nan kanpis la oswa nan zòn College Park;
- Tout etidyan ki pral kontinye nan UMD pou klas oswa aktivite nan salklas; epi
- Tout pwofesè, anplwaye, ak afilye ki pral vini fizikman nan kanpis la, oswa nan lòt espas UMD kontwole, nan dat 14 septanm oswa apre dat sa a--- sa gen ladan nenpòt moun ki te retade prezans fizik yo nan kanpis la, dapre reta ansèyman nan salklas, epi k ap vini nan kanpis la pou premye fwa semès sa a. (Men, tanpri sonje si pou p ap vini nan kanpis la jouk apre dat 15 oktòb, ou pa ta dwe patisipe nan evènman tès nou an nan mwa septanm men olye sa yon evènman semèn apre 15 oktòb.

Si ou te teste pozitif pou COVID-19 nan twa dènye mwa yo, ou pa ta dwe teste ankò pandan evènman tès sa a.

Apre dat 1ye oktòb, nou pral òganize evènman tès yo yon fwa pa semèn pandan dire semès la. N ap bay plis enfòmasyon sou sèten dat, lè, kapasite, ak adrès evènman tès yo nan yon titan epi n ap mete enfòmasyon yo sou sitwèb [return.umd.edu](http://return.umd.edu).

Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri ale sou sitwèb enfòmasyon nou pou tès COVID-19 pou p ou jwenn enfòmasyon ak FAQ yo. Tankou toujou, tanpri kontinye ale sou sitwèb [umd.edu/4Maryland](http://umd.edu/4Maryland) pou jwenn tout dènye enfòmasyon yo sou konpòtman ki bon pou sante epitou revize tablodbò kanpis la sou

prezans COVID-19 nan kominote nou. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri ou mèt kontakte [healthconcerns@umd.edu](mailto:healthconcerns@umd.edu).

Rete an sante,

Sacared Bodison, MD

Direktè Pwovizwa, University Health Center